

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG SARAN

#### 5.1 Kacindekan

UUBS dilarapkeun dina rupa-rupa ragam basa, nya éta dina ragam basa loma, jeung ragam basa lemes (keur sorangan jeung keur ka batur). Basa loma dipaké lamun jalma kadua jeung jalma katilu tahapanana sahandapeun jalma kahiji, atawa ka babaturan nu geus loma pisan, sakapeung kecap loma téh dipaké nyarita hareupeun balaréa. Ari basa lemes keur sorangan biasana dipaké pikeun jalma kahiji nu nyaritakeun kaayaan dirina ka jalma kadua (sasama/saluhureun), jeung waktu jalma kahiji nyaritakeun kaayaan jalma katilu (sasama) ka jalma kadua (saluhureun). Sedengkeun basa lemes keur ka batur biasana dipaké pikeun jalma kahiji nu nyarita ka jalma kadua (sasama/saluhureun) nyaritakeun kaayaan jalma kadua, jeung waktu jalma kahiji nyarita ka jalma kadua (sasama/saluhureun) nyaritakeun kaayaan jalma katilu (sasama/saluhureun).

Sabada dilakukeun analisis data nu tuluy didéskripsikeun dina bab saméméhna, hasil tina ieu panalungtikan bisa dicindekkeun saperti ieu di handap.

Dina wacana dialog anu dijieun ku siswa kelas X MA Al-Bidayah Batujajar Kabupatén Bandung Barat, kapanggih yén jumlah kecap UUBS nu dipaké ku siswa dina wacana dialog jumlah sakabéhna aya 774 kecap; nu kabagi jadi 250 *kecap loma* (227 kecap nu larapanana merenah, jeung 23 kecap nu larapanana teu merenah); 248 *kecap lemes keur sorangan* (214 kecap nu larapanana merenah, jeung 34 kecap nu

larapanana teu merenah), jeung 276 kecap *lemes keur ka batur* (226 kecap nu larapanana merenah, jeung 50 kecap nu larapanana teu merenah).

Kamampuh siswa MA Al-Bidayah dina ngalarapkeun UUBS ragam loma, lemes keur sorangan, jeung lemes keur ka batur bisa didéskripsikeun kalayan perséntase saperti ieu di handap:

- 1) Kamampuh siswa dina ngalarapkeun kecap loma nu merenah téh nepi ka 90,8% hartina kamampuhna alus pisan.
- 2) Kamampuh siswa dina ngalarapkeun kecap lemes keur sorangan nu merenah nepi ka 86,29%, hartina kamampuhna alus pisan.
- 3) Kamampuh siswa dina ngalarapkeun kecap lemes keur batur nu merenah nepi ka 81,88%, hartina kamampuhna alus.

Ditilik tina perséntase nu nyampak, katangen yén kamampuh siswa dina ngalarapkeun kecap loma leuwih alus ti batan ngalarapkeun kecap lemes, boh lemes keur sorangan boh lemes keur ka batur. Éta hal dipangaruhan ku kasang tukang siswa nu karep maké basa loma waktu campur gaul jeung babaturan jeung waktu ngaji atawa sorogan kitab. Kecap loma nu larapanana teu merenah leuwih saeutik ti batan kecap lemes nu larapanana teu merenah. Tina 107 kecap nu teu merenah larapna, 60,75% mangrupa kecap kamalayan. Éta hal bisa jadi dipangaruhan ku faktor kurangna kosa kecap basa Sunda nu dipibanda ku siswa.

## 5.2 Saran

Rékoméndasi ti panalungtik pikeun balaréa urang Sunda umumna, urang kudu bisa ngabiasakeun maké basa Sunda katut undak usukna kalayan merenah. Hususna ka para kolot (urang Sunda) di imah nu geus boga budak, dipiharep bisa méré conto ka barudakna sangkan bisa ngalarapkeun basa Sunda katut undak usukna kalayan merenah, leuwih hadé dibiasakeun ti bubudak. Ku kituna, para kolot ogé kudu boga pangaweruh ngeunaan undak usuk basa Sunda, bisa ku cara nongton acara TV nu maké basa Sunda, mindeng ngaregepkeun siaran radio nu maké basa Sunda, atawa maca bacaan nu ngagunakeun basa Sunda.

Pikeun praktisi pendidikan hususna guru basa Sunda, disarankeun kudu bisa ngamotivasi siswa sangkan biasa ngalarapkeun undak usuk basa Sunda kalayan merenah. Ngaliwatan prosés pangajaran, misalkeun guru bisa mancénkeun siswa sangkan bisa ngapalkeun kosa kecap undak usuk basa Sunda, anu satuluyna dilarapkeun dina basa sapopoé.

Pikeun panalungtik séjén, leuwih hadé ngayakeun panalungtikan nu leuwih jero ngeunaan undak usuk basa Sunda, hususna ngeunaan pasualan-pasualanna nu réa muncul, sangkan pangaweruh ngeunaan undak usuk basa Sunda téh bisa leuwih euyeub deui.